# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA BASLAWISH KLASS OQIWSHILARINIŃ OQIW PÁNLERI HÁM OLARDI OQITIW MÁSELELERI

**Meretgeldieva Aygul Bekmiratovna**
*Ájinyaz atındaǵı NMPI 2-kurs magistrantı*

**Annotasiya:** *Bul maqalada baslawısh klaslarda oqıw pánleri hám olardı oqıtıw máseleleri boyınsha sóz júritiledi. Oqıwshılardı oqıw pánlerine qızıqtırıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw hám jańa innovaciyalar haqqında aytılǵan.*

**Gilt sózler:** *bilim, kónlikpe, uqıplılıq, zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar, oqıw iskerligi, sabaqlıqlar, jańa innovaciyalar, kommunikaciyalıq texnologiyalar.*

Mektep oqıwshılarınıń bilim hám kónlikpelerin qáliplestiriw, olardı milliy hám ulıwmainsanıylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw, muǵallim kásibiniń abırayın hám pedagoglardıń sapa quramın arttırıw, sabaqlıqlar hám oqıw-metodikalıq komplekslerdi zaman talapları tiykarında jetilistiriw, mektep bilimlendiriw mákemeleriniń xalıqaralıq standartlarǵa juwap beretuǵın zamanagóy modellerin qurıw maqsetinde, sonday-aq, 2022 - 2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń Rawajlanıw strategiyasında aytıp ótilgen:

"Baslawısh klass oqıwshılarınıń oqıw pánleri, oǵan qızıqtırıw, sabaqlıqlardı jaqsı ózlestiriwin támiyinlew baslawısh klass oqıtıwshılarınıń zárúrli wazıypası bolıp tabıladı" dep aytadı, Prezidentimiz Sh.M. Mirziyoyev. [1]

Jaslardı erkin pikirleytuǵın, jańalıqqa umtılatuǵın hám bárkamal insan etip tárbiyalaw baslawısh klaslardan alıp barıladı, bul process áhmiyetli wazıypalardan biri bolıp esaplanadı. Sol sebepli de bilimlendiriwdiń mazmunı túp-tiykarınan jańalanıp barmaqta. Kishi mektep jasında balada erkin bilim alıw tilegi payda bolıp, olar eń ápiwayı túrde - bilimlerdi alıw menen birge qosımsha tarawlarǵa hám hár qıylı temalarǵa qızıǵıwshılıǵı menen júzege keledi. Elimizde alıp barılıp atırǵan keń kólemli ózgerisler, ekonomikalıq hám sociallıq mashqalalar, mektep sisteması, texnologiyalardan paydalanıw procesleri bizdi álbette, itibarımızdı tartadı. Jańa Ózbekstan jaratıwshıları bolǵan jas áwladtı tárbiyalawda olarǵa xalıqaralıq kategoriyadaǵı bilimlerdi beriw hám jáhán standartlarına say ádebiyatlardan paydalanıw maqsetke muwapıq dep oylaymız. Jámiyette zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw bilimlendiriw sistemasında úlken ózgerislerdi, sonıń ishinde, wazıypaları, kózqarasları, maqsetleri, túsinikleri, mazmunı, didaktikası hám oqıw procesleri usılları, mektep úskeneleri, jumıs hám oqıw procesin shólkemlestiriw, nátiyjede bilimlendiriw hám tárbiya muǵallimler, jumıs waqtı hám jumıs ádetlerin ózgertiw, oqıw procesin qadaǵalaw, oqıw nátiyjeleri hám jumıstıń basqa nátiyjelerin bahalaw júzege keledi. Bilimlendiriw procesiniń tabısı tek ǵana onıń formasına emes, al qollanılıp atırǵan metodlardıń nátiyjeliligine de baylanıslı.[2]

Mektep bilimlendiriwi balanıń turmıs tárizin, sociallıq statusın, klass jámááti hám shańaraq ortalıǵındaǵı ornın ózgertedi. Yaǵnıy, mektepke shekemgi dáwirdegi oyın

iskerligi oqıw iskerligi menen almasıp, oqıwshıda juwapkershilik sezimin oyatadı. Bunda baslawısh bilim beriwdiń mazmunı oqıwshınıń bilimlerin iyelewge qızıǵıwı óz aqılıy miynetiniń nátiyjesinen qanaatlanıw sezimi menen úzliksiz baylanıslı. Usı kózqarastan, oqıwshılardıń iyelegen bilim, kónlikpe hám uqıplılıǵın turaqlı qadaǵalap barıw, sonday-aq, turmısta qollanıw qábiletin qáliplestiriw, oqıwshılardıń alıp atırǵan bilimlerindegi boslıqlardı óz waqtında toltırıp barıw, qábiletli oqıwshılardaǵı intellektuallıq potencialdı turaqlı rawajlandırıwǵa sharayat jaratıw, oqıwshılardı úlkenler menen birgelikte jumıs alıp barıwǵa qızıqtırıw, olardıń densawlıǵın qorǵaw hám bekkemlewge qaratılǵan pedagogikalıq qatnaslar hám tájiriybelerdi bayıtıw, klastan tıs pedagogikalıq ilajlar rejesin islep shıǵıw, oqıw-tárbiya procesinde zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı, pedagogika pániniń eń aldıńǵı jetiskenliklerinen turaqlı paydalanıw, muǵallimlerdiń ata-analar menen birgeliktegi jumıs alıp barıwın jolǵa qoyıw, baslawısh klass muǵallimlerin qayta tayarlaw hám qánigeligin turaqlı arttırıp barıwda zamanagóy usıllardan paydalanıw sıyaqlı wazıypalardı ámelge asırıwdı názerde tutadı. Búgingi kúnde baslawısh bilim beriw koncepciyasında usı sistemanıń maqset hám wazıypaları anıq belgilep berilgen bolıp, balanıń sanası hám oy-pikiri bar bolǵan jasırın imkaniyatlardı anıqlaw hám de rawajlandırıw kishi mektep jasındaǵı balalarda bilimlendiriwdiń dáslepki dáwirinen baslap jańa imkaniyatlardıń oqıw materialın tabıslı ózlestiriwge ǵana emes, al turmıslıq mashqalalardı sheshiwge de tayarlaydı, oqıwshılarda úyreniw hám bilimlendiriw procesine bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Bul máselege tiyisli anıq wazıypalar tómendegilerde óz kórinisin tapqan:

1. Baslawısh klass oqıwshılarında oqıw, úyreniw, ózlestirilgen bilimlerdi qollanıw hám kónlikpelerdi qáliplestiriw;

2. Baslawısh klass oqıwshılarında joqarı dárejede qáliplesken biliw procesine, biliw iskerligine umtılıwdı kúsheytiw.

Demek, joqarıdaǵı wazıypalardan sonı ayqın kóriw múmkin, baslawısh klass oqıwshılarınıń oqıw iskerligine qızıǵıwshılıǵın hám meyilliklerin qáliplestiriw, sonday-aq, umtılısların arttırıw áhmiyetli faktorlardan biri bolıp, usı processte oqıwshınıń individual-psixologiyalıq ózgesheliklerin esapqa alıw onıń tiykarı esaplanadı. Bunday qatnasıqsız bilimlendiriwdiń baslanǵısh basqıshınıń sapa nátiyjeliligin arttırıwǵa erisiw qıyın. Bul baǵdarda baslawısh klass oqıwshılarınıń oqıw iskerligine qızıǵıwshılıǵın qáliplestiriw maqsetinde, oqıw procesine, jańa innovaciyalardı engiziw, málimleme kommunikaciyalıq texnologiyalardan ónimli paydalanıw nátiyjesinde bilimlendiriw sapasınıń artıwına erisiledi. [3]

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. 2022-2026- yillarda maktab ta'limini rivojlantirish bo'yicha milliy dasturni tasdiqlash to'g'risida. O'zbekistan Respublikasi Prezdenti 2023-yil 26-maydagi PF-79 sonli Farmoni

2. Р.А. Мавлонов, М. Арабова, Ғ. Салохитдинова “Педагогик технология” Т. Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси. “Фан” нашриёти. 2008.

3. Yo'ldoshev J.G', Usmonov S.A. Zamonaviy pedagogik texnologiyalarni amaliyotga joriy qilish. – T. 2008

4. Qosimova K., Matchonov S., G'ulomova X. va boshqalar. Ona tili o'qitish metodikasi. – T. «Noshir», 2009

5. Arxiv.uz